

### SS.7.C.2.1

Defini tèm "sitwayen an," epi idantifye sinifikasyon legal pou devni yon sitwayen Ameriken.

**SS.7.C.2.1 Klarifikasiyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo ap dekri pwosesis pou devnin yon sitwayen natiralyze.

Si yon **imigran** vle devni yon **sitwayen** Ameriken, imigran an dwe satisfè yon seri kondisyon. Tablo ki anba a bay lis kondisyon debaz obligatwa pou **naturalizasyon**.

Imigran yo dwe:
<ul style="list-style-type: none"><li>gen omwen 18 zan.</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>yo se yon <b>rezidan</b> nan peyi Etazini pou senk an, san yo pa kite peyi a pou plis pase 30 mwa konbine ak pou pa plis pase 12 mwa san enteripsyon nan tout peryòd senk an.</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>Ranpli dosye pou yon petisyon pou naturalizasyon.</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>pran yon tès pou montre ke yo ka li, ekri, ak pale anglè, e demontre konesans yo nan istwa Ameriken ak Konstitisyon Etazini an.</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>kapab pwouve ke yo gen <b>bon karaktè moral</b>.</li></ul>
<ul style="list-style-type: none"><li>gen 2 sitwayen Ameriken ki konfime ke aplikan an ap gen yon bon karaktè moral.</li></ul>

Yon fwa tout nan kondisyon sa yo pi wo a ranpli, aplikan an dwe prete "Sèman Fidelite a Drapo a." Sèman an se dènyè etap nan pwosesis naturalizasyon an epi li mande pou moun kap chèche sitwayènte yo a, pou respekte angajman lwayote yo pou peyi Etazini.

**bon karaktè moral** – Ki pa patisipe nan sèten krim oswa aksyon

**imigran** - yon moun ki vin jnan yon peyi pou l viv pou tout tan

**naturalizasyon** - pwosesis pou ke yon imigran devni yon sitwayen

**rezidan** - yon moun kap viv nan yon kote pou yon peryòd nan tan minimòm

**sitwayen** - yon manm legal nan yon eta ak/oswa nan yon peyi